

# APLIKASYON/SÈTIFIKASYON POU SÈVIS TANF

## Eksplikasyon

- Enfòmasyon nou mande sou fòm sa a nesesè pou nou detèmine si nou ka itilize lajan Asistans Pwovizwa Federal pou Fanmi ki nan Nesesite (TANF) pou ba ou sèvis yo.
- Lòt enfòmasyon sou kondisyon ki nan fòm sa a endike nan paj 6 ak 7 la.

**Èske nenpòt nan moun sa yo ap viv lakay ou? Tcheke tout sa ki bon:**

- Yon timoun minè ki poko gen laj 18 tan oswa ki poko gen laj 19 ane epi ki nan lekòl segondè oswa yon nivo ekivalan fòmasyon pwofesyonèl oswa teknik, (pa egzanp, yon pwogram BOCES),
  - Yon fanm ansent,
  - Yon adilt ki pa paran, men ki se yon manm fanmi k ap pran swen yon timoun minè,  
**OSWA**
  - Ou se paran yon timoun minè ki pa gen lagad timoun nan.
- Si ou pa koche okenn kaz, **KANPE LA**. Ou pa kalifye pou sèvis ki finanse avèk lajan TANF.
  - Si ou koche yon kaz oswa plis, kontinye avèk aplikasyon an.

**SEKSYON EN:****Enfòmasyon Sou Aplikan ak sou Fanmi Aplikan an (Manm Fanmi yo)**

- Asire ou li definisyon “**Aplikan**” nan paj 6 la.
- Enfòmasyon ou bay nan Paragraf 9 la ta dwe konsène aplikan an pou Sèvis TANF.

**A.** Non Aplikan: \_\_\_\_\_

Adrès Kay: \_\_\_\_\_  
(Ri) (Apatman) \_\_\_\_\_  
(Vil, Eta, Kod Postal) \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn: \_\_\_\_\_

**B.** Bay enfòmasyon nou mande anba la a sou aplikan an ak sou **Manm Fanmi** aplikan an k ap viv avèk aplikan an. Asire ou li definisyon **Manm Fanmi** ki nan paj 6 ak 7.

NON (Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon, Non Fanmi)	SA MOUN NAN YE POU OU	DAT LI FÈT	KOTE LI FÈT	NIMEWO SEKIRITE SOSYAL	Koche Kaz la si W ap Aplike Pou Sèvis yo
<b>1. Aplikan</b>					
2.					
3.					
4.					
5.					
6.					

**C.** Si moun ki aplike pou sèvis yo se yon timoun minè, si se timoun nan (koche yon kaz si nempòt ladan yo konsène ou):

K ap viv avèk yon manm fanmi ki se moun prensipal k ap pran swen timoun minè a  
oswa

Nan mezon plasman epi gen yon plan pou retounen timoun sa a nan kay la.

**Èske gen yon timoun minè ki endike nan Paragraf B anwo a?**

Wi, **ale nan** Seksyon De.

Non, **ale** nan pwochen kesyon an (D).

**D.** Si pa gen yon timoun minè ki endike nan B, èske aplikan an ansent oswa èske yon manm fanmi li ansent?

Wi, **ale nan** Seksyon De.

Non, **ale** nan pwochen kesyon an (E).

**E.** Èske yon manm fanmi ki endike nan Paragraf B anwo a se moun prensipal k ap pran swen yon timoun minè (gade definisyon an nan paj 6)?

Wi, ranpli seksyon ki anba la a konsènan timoun minè y ap pran swen:

NON TIMOUN NAN	DAT LI FÈT	SA YO YE POU OU
1.		
2.		
3.		

**Wi, ale nan Seksyon De.**

Non, **ale** nan pwochen kesyon an (F).

F. Èske ou se paran ki pa gen lagad timoun yon timoun minè oswa plizyè timoun minè ki p ap viv avèk ou?

Nimewo **Kanpe la.** Ou pa kapab resevwa Sèvis TANF paske ni oumenm ni yon manm fanmi pa yon timoun minè, pa ansent, pa moun prensipal k ap pran swen yon timoun minè, oswa ou pa paran ki gen lagad yon timoun minè.

Wi. Bay enfòmasyon nou mande anba la a:

	NON TIMOUN NAN	DAT LI FÈT
1.		
2.		
3.		
4.		

Ou dwe ranpli fòm “Referans Enfòmasyon sou Paran ki pa gen Lagad Timoun” (OTDA-4728).

---

### **SEKSYON DE: Kondisyon Moun ki Sitwayen/ki pa Sitwayen Ameriken**

A. Èske tout aplikan pou Sèvis TANF (jan kaz la koche nan Seksyon En, Paragraf B) se sitwayen ameriken?

Wi. Si ou reponn wi, **ale nan** Seksyon Twa.

Nimewo Si ou reponn non, ranpli Paragraf B.

B. Si ni aplikan an ni yon manm fanmi oswa plizyè manm fanmi ki aplike pou Sèvis TANF pa yon sitwayen ameriken, gade nan “*Lis Kondisyon Imigrasyon*” ki nan paj 7-9, epi di nou ki kondisyon imigrasyon ki aplike pou chak manm fanmi ki aplike pou Sèvis TANF. Antre nimewo kondisyon an nan lis la, epi bay enfòmasyon nou mande anba la a.

	NON	NIMEWO LIS	NIMEWO FÒM INS	NIMEWO ETRANJE	DAT ANTRE NAN ETAZINI/KONDISYON YO BAY
1.					
2.					
3.					
4.					
5.					
6.					

---

### **SEKSYON TWA: Revni Manm Fanmi yo**

A. Èske aplikan an ap resevwa avantaj nan moman an nan yon pwogram oswa nan plis nan pwogram sa yo?

Wi, koche ki pwogram (yo) epi answit **ale nan** Seksyon Kat la.

ASISTANS POU FANMI/SAFETY NET	MEDICAID	Pwogram Asistans Nitrisyon Siplementè (SNAP)	HEAP	SSI

Non, ranpli paragraf B imedyatman anba la a.

**B. Revni** aplikan an ak revni manm fanmi aplikan an.

- Mete revni anvan brit (revni anvan taks ak dediksyon) chak manm fanmi ki endike nan Seksyon En Paragraf B ki gen revni. Gade definisyon "**Revni Brit**" nan paj 7 la pou jwenn yon eksplikasyon sou revni ou dwe di nou, epitou pou jwenn ki revni ou pa bezwen mete.
- Bay lis tout sous revni brit la, tankou salè, avantaj sekirite sosyal, avantaj asistans piblik, sipò timoun, pansyon alimantè, elatriye ou te resevwa ak nenpòt lòt revni yon manm fanmi kontinye ap resevwa.

NON	SOUS REVNI AN: SALÈ, SEKIRITE SOSYAL, elatriye	KANTITE LAJAN	OU RESEVWA (Koche kaz pou youn)		
			Chak ane	Chak Mwa	Pa semèn
1. <b>Aplikan</b>					
2.					
3.					
4.					
5.					
6.					

**C. Èske aplikan an oswa nenpòt manm fanmi peye sipò timoun regilyèman nan moman an dapre yon lòd tribinal pou timoun ki p ap viv nan kay la?**

Non, **ale nan** Seksyon Kat.

Wi Si ou reponn wi, konbyen lajan manm fanmi an peye? \$\_\_\_\_\_ Konbyen fwa manm fanmi an peye kantite lajan sa a (chak semèn, chak mwa oswa chak ane)?  
\_\_\_\_\_.

**Ale nan Seksyon Kat.****SEKSYON KAT: Notifikasyon Aplikan an ak Siyati**

Nou ka mande ou pou pwouve nenpòt oswa tout deklarasyon ou yo. Si nou mande ou pou fè sa, n ap di ou kijan pou pwouve deklarasyon ou yo.

Men rezon ki fè n ap mande ou nimewo Sekirite Sosyal (yo):

- Nenpòt moun ki aplike pou sèvis yo oswa asistans lan oswa k ap resevwa sèvis yo oswa asistans lan dwe ban nou nimewo Sekirite Sosyal li.
- Nimewo Sekirite Sosyal yo obligatwa dapre lwa federal (Seksyon 409(a)(4) Lwa sou Sekirite Sosyal) ak règleman federal (45 CFR 264.10).

Men rezon ki fè nou **ka** itilize nimewo Sekirite Sosyal (yo):

- Pou fè konparezon nan òdinatè avèk lòt pwogram yo pou pwouve w ap resevwa pwogram sa yo (pa egzanp, SNAP).
- Pou fè yon konparezon nan òdinatè pou verifye lòt enfòmasyon sou fòm sètifikasyon (pa egzanp, revni travay ou).
- Pou verifye kondisyon etranje ou avèk Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon (INS).

Si ou se paran yon timoun ki pa gen lagad timoun nan, n **ap** itilize nimewo Sekirite Sosyal ou pou bay enfòmasyon sou ou pou sèvis ranfòsman sipò timoun nan eta a/lòt eta.

Si ou pa dakò avèk nenpòt desizyon nou pran konsènan kalifikasyon ou pou resevwa sèvis TANF, ou ka fè yon moun revize sètifikasyon ou nan yon nivo ki depase moun ki te pran premye desizyon an.

Ou dwe siyen fòm sa a pou demann ou fè pou sètifikasyon TANF konplete.

**Depi mwen siyen fòm sa a, mwen sèmante, anba menas sanksyon pou fo temwayaj:**

- **Tout deklarasyon ki anwo a se deklarasyon ki vrè dapre tout sa mwen konnen, epi mwen vle kolabore avèk nenpòt efò y ap fè pou verifye enfòmasyon mwen bay yo, tankou moun ki nan kay la, revni ak kondisyon sitwayènte yo.**

\***Siyen:** \_\_\_\_\_ **Dat la :** \_\_\_\_\_

**Kisa aplikan ye pou ou:** \_\_\_\_\_

\*Yon paran oswa manm fanmi prensipal la ki bay swen an dwe siyen pou yon aplikan ki se yon timoun minè. Manm Komisyon Depatman Sèvis Sosyal oswa reprezantan Manm Komisyon an dwe siyen pou timoun ki nan mezon akèy la.

## Definisyon

**TIMOUN MINÈ:** Yon “timoun minè” se yon timoun ki poko gen laj 18 tan oswa ki poko gen laj 19 ane epi ki nan lekòl segondè oswa yon nivo ekivalan fòmasyon pwofesyonèl oswa teknik, (pa egzanp, yon pwogram BOCES). Pou timoun minè a kapab kalifye pou Sèvis TANF, timoun minè a dwe ap viv avèk yon paron oswa avèk yon lòt mamm fanmi ki se moun prensipal k ap pran swen timoun nan, oswa li dwe nan mezon akèy avèk yon plan pou retounen lakay li.

**MOUN PRENSIPAL K AP BAY SWEN:** Moun prensipal k ap bay swen an se yon manm fanmi adilt k ap viv avèk yon timoun minè, si timoun nan p ap viv avèk paron li. Moun prensipal k ap pran swen an pran pifò desizyon yo sou byennèt timoun nan.

**PARAN KI PA GENYEN LAGAD TIMOUN:** Yon paron ki pa gen lagad timoun se yon paron ki p ap viv avèk timoun oswa ki gen lagad fizik timoun nan, men ki gen responsabilite legal pou bay sipò finansye ak sipò medikal pou timoun nan.

---

### **Kimoun ki se aplikan pou Sèvis TANF?**

Moun ki fè demann Sèvis TANF se aplikan an. Enfòmasyon sou moun sa a dwe endike nan Seksyon En, Paragraf A ak B. Lè plis pase yon moun fè demann Sèvis TANF, yon manm fanmi adilt ki aplike pou Sèvis TANF dwe endike nan lis la kòm aplikan an. Si pa gen manm fanmi adilt ki aplike pou Sèvis TANF, aplikan an ta dwe gen plis laj pase timoun ki fè demann Sèvis TANF lan.

### **Eksepsyon pou Manm Fanmi k ap Bay Swen**

Lè moun prensipal k ap pran swen yon timoun minè se yon manm fanmi ki pa paron timoun nan EPI lè Sèvis TANF fanmi an bezwen an se sèvis pou pwoteksyon oswa pou prekosyon pou timoun nan, APLIKAN AN POU SÈVIS YO SE TIMOUN MINÈ A.

Sèvis sa yo asosye sèlman pou pèmèt moun prensipal k ap pran swen timoun nan kontinye pran swen timoun minè a nan kay la an sekirite oswa retire timoun minè a nan mezon akèy la pou retounen li nan kay manm fanmi li.

Pou tout lòt sèvis yo, aplikan an se moun ki pral resevwa sèvis yo.

---

### **Kimoun ki se manm fanmi yo?**

Tout moun ki anba la yo **k ap viv avèk** aplikan an se manm fanmi, epi yo dwe endike nan Seksyon En, Paragraf B:

- mari oswa madanm aplikan an
- timoun minè aplikan an ak frè/sè yo ki se timoun minè tou (tankou demi frè/sè ak bòfrè/bèlsè),
- Si aplikan an se yon timoun minè, paron aplikan an ak frè/sè aplikan ki se timoun minè, ak
- papa oswa manman nenpòt timoun minè ki endike anwo a, menmsi paron an pa marye.

### **Règ Espesyal pou Manm Fanmi yo**

#### **Timoun ki nan Kay Plasman**

Yon timoun ki nan kay plasman endike kòm yon “manm fanmi” si gen yon plan pou retounen timoun nan lakay li. Règ konsènan “manm fanmi” ki endike anwo a pa aplike pou timoun ki nan kay plasman ki aplike pou Sèvis TANF pou tèt yo. Nan ka sa yo, timoun ki nan kay plasman an konsidere kòm yon timoun fanmi an.

**Timoun Minè ki Marye**

- Yon timoun minè ki marye epi k ap viv nan kay aplikan an pa endike kòm yon manm fanmi timoun minè a.
  - Si timoun minè ki marye a se aplikan an oswa madanm/mari aplikan an, manm fanmi yo pa mete paran oswa frè/sè timoun minè a.
- 

**REVNI BRIT**

Ou dwe fè nou konnen dènye revni manm fanmi an ou endike nan Seksyon En, Paragraf B. Ou dwe ban nou kantite lajan revni brit la. Revni brit vle di revni anvan taks ak lòt dediksyon. Revni ou dwe bay la gen ladan, men pa sèlman:

- Salè pa èdtan, salè ak poubwa ou touche nan travay ou
- Revni travay endepandan (apre depans pou biznis lan)
- Avantaj Sekirite Sosyal
- Asistans piblik (Asistans Fanmi, Asistans Safety Net)
- Alokasyon pou Chomaj
- Konpansasyon Travayè
- Revni Sekirite Anplis (SSI)
- Peman sipò timoun ou resevwa
- Pansyon alimantè ou resevwa
- Peman enterè
- Lòt revni ou kontinye ap resevwa epi ki pa eskli anba la a

**Revni ou pa ta dwe mete**

- Revni yon timoun minè reyalize
- Peman adopsyon/kay plasman
- Prè yon sèl fwa, kado, peman yon sèl kantite lajan oswa lòt revni ou pa kontinye resevwa
- Peman sibvansyon pou gadri

**Dènye revni**

Dènye revni se revni ou resevwa oswa revni ou pral resevwa nan mwa almannak aplikasyon an pou Sèvis TANF, epi ou prevwa w ap kontinye resevwa li apre mwa sa a.

**oswa**

Si revni ou nan mwa almannak aplikasyon an pi plis pase revni mwa regilye ou, ou ka bay enfòmasyon ki baze sou revni chak ane ou (revni nan douz mwa anvan yo). Revni anyèl sa a dwe ajiste pou nenpòt chanjman nan revni ou konnen oswa ou espere ou pral resevwa. Pa egzanp, si ou te jwenn yon nouvo djòb pa twò lontan, ou ta dwe bay revni nan djòb sa a pou kalkile revni anyèl ou. Ou pa ta dwe endike revni ou resevwa lontan san ou pa prevwa w ap kontinye resevwa li.

---

**Lis Kondisyon Imigrasyon (*Nou itilize lis sa a pou ranpli Seksyon De lè yon aplikan pou sèvis TANF pa yon sitwayen ameriken.*)**

N ap mande ou pou bay dokiman pou verifye kondisyon imigrasyon endividyeòl ou. Nou poze ou kesyon sou kondisyon imigrasyon ou pou detèmine si oumenm oswa yon manm fanmi ou kalifye pou sèvis TANF ki finanse avèk lajan gouvènman federal. Ou ka se yon imigran legal, men ou ka pa kalifye pou sèvis TANF ki finanse avèk lajan gouvènman federal. **Nòt: Yon manm fanmi pa kapab resevwa Sèvis TANF sof si manm fanmi a se yon sitwayen ameriken oswa si li se yon moun ki pa sitwayen ameriken epi ki kalifye anba lwa ki endike nan paj sa a.**

KONDISYON	Dat Enpòtan pou Kalifikasyon	Dokiman Komen yo
1. Refijke	Antre	<p><b>I-94:</b> ki gen so “Admitted under Section 207 of the INA,” “Refugee,” “RE1, RE2, RE3, RE4” <b>oswa</b></p> <p><b>I-551:</b> ki gen so “R8-6, RE5, RE6, RE7, RE8 oswa RE9” <b>oswa</b></p> <p><b>I-571:</b> Dokiman Vwayaj Refijke <b>oswa</b></p> <p><b>I-688B:</b> Dokiman Otorizasyon pou Travay ki gen nòt “8 C.F.R. § 274a.12(a) (3)” <b>oswa</b></p> <p><b>I-766:</b> Dokiman Otorizasyon pou Travay ki gen nòt “a3”</p>
2. Patisipan Kiben/Ayisyen	Kondisyon Apwouve	<p><b>I-94:</b> ki gen so: “Patisipan Kiben/Ayisyen (kondisyon annatant),” “Seksyon 212(d) (5) INA,” “Fòm I-589 ki ranpli,” oswa “CU6,” oswa CU7” <b>oswa</b></p> <p><b>So I-94:</b> ki montre libète sou kondisyon anba Seksyon 212(d)(5) INA oswa so ki montre libète sou kondisyon nan Etazini nan dat 10 oktòb 1980 oswa apre dat sa a ak prèv rezonab ki montre moun ki gen libète sou kondisyon an se yon Moun ki sòti (sitwayen) nan Kiba oswa Ayiti <b>oswa</b></p> <p><b>I-551:</b> ki gen so “CU6, CU7, oswa CH6” <b>oswa</b></p> <p>So <b>I-551</b> pou yon ti tan nan paspò etranje. <b>oswa</b></p> <p>Avi oswa lèt USCIS ki endike esklizyon oswa pwosed depòtasyon ki genyen <b>oswa</b></p> <p>Yon dokiman USCIS bay ki endike moun nan te aplike pou azil politik.</p>
3. Moun yo akòde azil politik	Kondisyon Apwouve	<p><b>I-94:</b> ki gen so “Azil akòde anba seksyon 208 INA” <b>oswa</b></p> <p><b>I-551:</b> Ki gen so “AS1, AS2, AS3, AS6, AS7, oswa AS8” <b>oswa</b></p> <p><b>I-688B:</b> Kat Otorizasyon pou Travay ki gen nòt “8 C.F.R. § 274a.12(a)(5)” <b>oswa</b></p> <p><b>I-766:</b> Dokiman Otorizasyon pou Travay ki gen nòt “a5” <b>oswa</b></p> <p>Lèt sibvansyon ki sòti nan Biwo Azil USCIS <b>oswa</b></p> <p>Lòd yon jij imigrasyon ki akòde azil la.</p>
4. Imigran Amerazyen	Antre	<p><b>I-94:</b> ki gen so “AM1, AM2, AM3, AM6, AM7, oswa AM8.” Retire dat antre a nan dat enspeksyon ki nan so a; si dat la pa la, jwenn li nan I-551 oswa nan USCIS <b>oswa</b></p> <p><b>I-551:</b> ki gen so “AM1, AM2, AM3, AM6, AM7, oswa AM8” <b>oswa</b></p> <p>So <b>I-551</b> pou yon ti tan nan paspò etranje <b>oswa</b></p> <p><b>I-571:</b> Dokiman Vwayaj Refijke <b>oswa</b></p> <p>Viza sòti vietnamyen oswa paspò ki gen so “AM1, AM2, oswa AM3”</p>
5. Depòtasyon oswa Ranwva Ki anile	Kondisyon Apwouve	<p><b>I-688B:</b> Kat Otorizasyon pou Travay ki gen nòt “8 C.F.R. § 274a.12(a)(10)” <b>oswa</b></p> <p><b>I-766:</b> Dokiman Otorizasyon pou Travay ki gen nòt “(a10)” <b>oswa</b></p> <p>Lòd Jij Imigrasyon ki montre dat depòtasyon an te retire anba seksyon 243(h) INA, jan sa anvigè anvan 1ye avril 1997, oswa ranwva ki anile anba Seksyon 241 (b)(3) INA</p>
6. Sèten Hmong Oswa Lawotyen Highland	Kondisyon Apwouve	<p><b>I-94:</b> ki gen so “Admèt anba Seksyon 207 INA,” “Refijke,” “RE1, RE2, RE3, oswa RE4” <b>oswa</b></p> <p><b>INS I-551:</b> ki gen so “R8-6, RE5, RE6, RE7, RE8 oswa RE9” <b>oswa</b></p> <p>Gen yon deklarasyon sou sèman ki siyen anba sanksyon lalwa ki endike li te yon manm Hmong <b>oswa</b> tribi lawotyen Highland ant 5 out 1964 ak 7 me 1975 oswa yon madam/mari*, vèf, vèv, <b>oswa</b> depandan yon manm tribi ki verifye, <b>ak</b></p> <p>Dokiman pou montre ou w ap viv legalman nan Etazini</p> <p><b>Madam/mari ki divòse yo pa kalifye</b></p>
7. Ki Admèt Legalman Pou Rezidans Pèmanan (LPR) san 40 Trimès Kalifikatif	Te Antre anvan 22 out 1996 Te antre nan/apre 8/22/96 e li te nan Etazini pou 5 ane.oswa plis	<p><b>I-551:</b> (Kat Rezidan Pèmanan) <b>oswa</b></p> <p>So <b>I-551</b> pou yon ti tan nan paspò etranje oswa sou <b>I-94.</b> <b>oswa</b></p> <p><b>I-327</b> (Pèmi pou Re-antre) <b>oswa</b></p> <p><b>I-181:</b> Memorandòm Kreyasyon Rezidans Pèmanan Legal avèk so apwobasyon</p>
8. Veteran, madam/mari, madam/mari vivan ki pa marye ak pitit depandan ki pa marye yon veteran ameriken ki te satisfè kondisyon travay aktif minimòm (2 ane)	Kondisyon Apwouve	<p>Yon Sètifikasi Dechaj (<b>Fòm DD-214</b>) ki endike “Onorab.” Yon karaktè dechaj “Anba Kondisyon Onorab” pa yon “Dechaj Onorab” pou objektif sa yo. Rezon Naratif pou blòk Separasyon pa dwe endike dechaj la se te pou rezon “sitiyasyon jiridik etranje” oswa mank sitwayènte ameriken</p>

KONDISYON	Dat Enpòtan pou Kalifikasyon	Dokiman Komen yo
9. Mlète Aktif: Sèvis aktif oswa yon manm an Fòs Lame ki nan travay aplentan, Navy, Èfòs, Kò Maren oswa Gad Kot, konjwen ak timoun	Stati Akòde	Kat Identifikasiyon Militè (DD Fòm 2) (Aktif) ki bay yon dat ekspirasyon de plis pase yon lane apati dat desizyon an. Si kat ID a ap ekspire nan delè yon lane apati dat desizyon an, itilize yon kopi, nan lòd militè aktyèl la.
10. Patisipan sou Kondisyon (kondisyon akòde pou refijke anvan ane 1980)	Antre	I-94 ki gen so ki montre yo admèt ou anba Seksyon 203(a)(7) INA oswa I-688B (Kat Otorizasyon pou Travay) ki gen nòt "274a.12(a)(3)" oswa I-766 (Dokiman Otorizasyon pou Travay) ki gen nòt "(a1)" oswa "(a3)"
11. Yon madanm/mari oswa pitit sitwayen ameriken oswa LPR oswa yo bat oswa paron oswa pitit moun sa a, ki jwenn "Avi Kòmansman Dosye nan USCIS anba Lwa sou Vyolans kont Fanm (VAWA)	Antre Anvan dat 22 out 1996  Antre nan dat/apre dat 22 out 1996 epi te nan Etazini pandan 5 ane oswa plis.	I-797 (Avi pou Aksyon) ki endike kòmansman kalifikasyon yon petisyon pèsonèl I-360 anba Sesyon Section 204(a)(1)(A) (iii) oswa (iv) INA; oswa Seksyon 204(a)(1)(iii)(B) (i) oswa (iii) INA
12. Viktim Trafik Moun	Antre	Dokiman Sètifikasyon (pou adilt) oswa Lèt Kalifikasyon (pou timoun) ki sòti nan Biwo Entegrasyon Refijke (ORR); Dwe rele 1-866-401-5510 pou verifikasiyon oswa I-94 ki gen Kòd T1, T2, T3, T4 oswa T5 ki endike admisyón anba Seksyon 212(d)(5) INA si kondisyon an akòde pou omwen yon ane
13. Moun ki jwenn libète sou kondisyon (pou omwen yon ane) (Moun ki pa sitwayen ameriken ki te jwenn pèmisyón pou vini nan Etazini pou rezon imanité oswa pou rezon enterè publik)	Ap viv Legalman nan Etazini nan dat 22 out 1996  Antre nan dat/apre dat 22 out 1996 epi te nan Etazini pandan 5 ane oswa plis.	I-94 ki gen nòt "Jwenn libète sou kondisyon dapre Seksyon 212(d)(5)" oswa "libète sou kondisyon" oswa "PIP" ki gen dat antre ak dat ekspirasyon ki endike yon ane oswa I-688B ki gen nòt "Seksyon 8 CFR 274a 12(a)(4) oswa 274(a) 12(c)(11)" oswa I-766 ki gen nòt "C11" oswa A4, ak I-94 ki endike ou gen admisyón pou omwen yon ane
14. Ameriken Endyen ki fèt nan peyi Kanada	Pa disponib	I-551: ki gen so "S1-3", so I-551 pou yon ti tan nan yon paspò kanadyen oswa I-94: ki gen so "S1-3" oswa Dokiman tribi ki sètifye omwen 50% san Amerendyen, jan sa obligatwa nan Seksyon 289 INA oswa manm ki gen dokiman yon tribi federal ak dosye Lekòl yo rekonèt, oswa Yon batistè oswa yon sètifikasi batèm yo bay nan yon rezèv, oswa Lòt prèv satisfesan ki endike ou fèt nan Kanada
15. Manm tribi yo rekonèt nan nivo federal ki fèt deyò Etazini	Pa disponib	Kat manm oswa lòt dokiman tribi ki montre ou se manm nan yon tribi endyen ki gen rekonesans federal anba Seksyon 4(e) Lwa pou Endepandans ak Asistans pou Edikasyon Endyen